



Chanjman k ap Vini nan Règ sou Chaj Piblik (Public Charge)

Nòt: Enfòmasyon sa yo la pou ede edike piblik la sèlman. Yo pa reprezante konsèy legal.

Yo te pibliye chanjman nan règ sou Chaj Piblik (Public Charge) nan dat 20 Jiyè 2026.

Pi bonè Chanjman yo pwopoze yo ka antre an vigè se 18 Septanm 2026.

Tanpri note, dat sa a ka chanje si yon tribinal retade oswa bloke aplikasyon règ la.

N ap mete tout resous yo ajou ak enfòmasyon ki enpòtan yo, lè yo pibliye nouvo konsèy sou fason y ap mete chanjman yo pwopoze yo an aplikasyon.



Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn èd nan men sèvis legal ou ka fè konfyans, tanpri rele Liy Dirèk MOIA pou Sipò Legal nan Zafè Imigrasyon, ki gratis epi konfidansyèl, nan

1-800-354-0365.

1. Kisa tèm “Chaj Piblik” (Public Charge) la vle di?



“Chaj Piblik” (Public Charge) se yon desizyon Gouvènman Federal la ka pran lè yon moun ap fè yon demann pou jwenn yon Kat Rezidans Pèmanan (Green Card) oswa sèten kalite viza. Kòm yon pati nan desizyon sa a, Gouvènman Federal la konsidere si imigran an te resevwa sèten benefis piblik.

Anplis de sa, Gouvènman Federal la konsidere lòt faktè tankou laj ou, eta sante ou, sitiyasyon fanmi ou, revni fanmi ou, sitiyasyon finansye ou, ansanm ak nivo edikasyon ou ak konpetans ou.



An jeneral, yo konsidere yon Chaj Piblik kòm yon moun ki depann sitou sou Gouvènman Federal la pou satisfè bezwen debaz li yo.



Si Gouvènman Federal la deside ou se yon Chaj Piblik, li ka refize demann ou pou yon Kat Rezidans Pèmanan oswa yon viza.



Analiz Chaj Piblik la pa aplike pou tout imigran. Pou plis enfòmasyon, ale nan seksyon 5.

2. Chanjman ki ka fèt nan pwosesis analiz Chaj Piblik la:

Nan moman sa a, pa sispann itilize benefis piblik oswa sèvis Vil la ou bezwen san ou pa pale dabò ak yon founisè sèvis legal ou ka fè konfyans.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn èd nan men sèvis legal ou ka fè konfyans, tanpri rele Liy Dirèk MOIA pou Sipò Legal nan Zafè Imigrasyon, ki gratis epi konfidansyèl, nan **1-800-354-0365**.

Sèvis entèpretasyon disponib nan plis pase 200 lang.

Règ aktyèl la	Nouvo règ sa a poko antre an vigè
Kounye a, Gouvènman Federal la konsidere sèlman resepsyon sèten kalite asistans lajan kach, tankou Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI) ak Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families, TANF), ansanm ak plasman nan yon enstitisyon pou swen alontèm ki finanse pa gouvènman an, tankou yon mezon retrèt, lè l ap pran yon desizyon pou detèmine si yon moun se yon "Chaj Piblik."	- Nouvo règ sa a poko antre an vigè. Si chanjman yo antre an vigè, Gouvènman Federal la ap kapab konsidere itilizasyon nenpòt Benefis Piblik ki baze sou revni gouvènman federal, eta, oswa lokal la bay lè l ap analize demann ou pou yon Kat Rezidans Pèmanan oswa yon viza. - An jeneral, Gouvènman Federal la konsidere Benefis Piblik ki baze sou revni kòm pwogram oswa benefis kote kalifikasyon yon moun depann de revni pa li oswa revni fanmi li. - Nan analiz Chaj Piblik la, Gouvènman Federal la ka kontinye konsidere lòt faktè tankou laj ou, eta sante ou, sitiyasyon fanmi ou, revni fanmi ou, sitiyasyon finansye ou, ansanm ak nivo edikasyon ou ak konpetans ou.

Gouvènman Federal la prevwa pibliye plis direktiv sou fason li pral aplike règ sa a. Direktiv sa yo poko pibliye. N ap mete tout resous yo ajou avèk enfòmasyon ki enpòtan yo depi yo vin disponib.

3. Si mwen te resevwa benefis piblik anvan, men mwen pa resevwa yo ankò kounye a, èske nouvo pwosesis la ka afekte mwen?

- Nan analiz sou Chaj Piblik la, Gouvènman Federal la ka konsidere itilizasyon asistans lajan kach oswa plasman nan yon enstitisyon pou swen alontèm gouvènman an finanse, **kèlkeswa kilè ou te resevwa benefis oswa asistans sa yo.**
- Nouvo règ la pa pèmèt Gouvènman Federal la **konsidere itilizasyon pifò lòt benefis piblik ou te resevwa anvan règ la te antre an vigè.**
- Si kounye a w ap resevwa yon "Benefis Piblik ki baze sou mwayen finansye" (jan sa eksplike nan Seksyon 2), Gouvènman Federal la ka konsidere benefis sa yo kòm yon pati nan analiz sou Chaj Piblik la **si ou kontinye resevwa yo apre règ la antre an vigè.** Dat sa a ka rive osi bonè ke 18 Septanm 2026, men li ka chanje.

Nan moman sa a, pa sispann itilize benefis piblik oswa sèvis Vil la ke ou bezwen san ou pa pale dabò ak yon founisè sèvis legal ou ka fè konfyans.

4. Si pitit mwen oswa yon lòt manm fanmi mwen te resevwa oswa ap resevwa benefis piblik, èske sa ka konte kont mwen?

- Nouvo règleman an pa pèmèt otorite yo pran yon desizyon sou Chaj Piblik ki baze sèlman sou itilizasyon benefis pa yon moun ki depann de ou.
- Otorite yo ka toujou konsidere revni fanmi ou pandan peryòd kote moun ki depann de ou a t ap resevwa oswa te itilize benefis piblik yo.
- N ap mete resous sa a ajou depi nou jwenn plis enfòmasyon sou fason Gouvènman Federal la pral evalye itilizasyon benefis yo pa moun ki depann de ou yo.
- Nan moman sa a, pa sispann itilize benefis piblik oswa sèvis Vil la ou menm oswa yon manm fanmi ou bezwen san ou pa pale dabò ak yon founisè sèvis legal ou ka fè konfyans.

5. Pou kiyès règ sa a aplike? Pou kiyès règ sa a pa aplike?



Règ sou Chaj Piblik la pa aplike pou:

- ✗ Moun ki deja gen yon Kat Rezidans Pèmanan (Green Card) epi k ap renouvle li;
- ✗ Moun k ap fè demann pou vin sitwayen ameriken;
- ✗ Sitwayen ameriken, ansanm ak timoun imigran yo ki se sitwayen ameriken;
- ✗ Moun k ap fè demann pou yon Kat Rezidans Pèmanan atravè sèten pwoteksyon imanité, tankou azil, eštati refijye, viza T (pou viktim trafik moun), viza U (pou viktim sèten krim), moun k ap fè demann pou tèt yo anba Lwa sou Vyolans Kont Fanm (Violence Against Women Act, VAWA), manm Fòs Lane Etazini ak moun ki depann de yo, ansanm ak jèn ki gen Eštati Jèn Imigran Espesyal (Special Immigrant Juvenile Status).



Règ sou Chaj Piblik la aplike pou:

- ✓ Moun k ap fè demann pou yon Kat Rezidans Pèmanan ak/oswa sèten kalite viza, tankou men pa sèlman:
- ✓ Dapre Fanmi (Family-Based): sèten fanmi sitwayen ameriken ak sèten fanmi moun ki gen Rezidans Pèmanan Legal (Legal Permanent Residents, LPR);
- ✓ Dapre Travay (Employment-Based): travayè priyorite, travayè kalifye, pwofesyonèl, ak lòt travayè;
- ✓ Imigran ki resevwa viza divèsite (Diversity Visa) ak moun ki gen viza S (temwen/enfòmètè).

Moun ki nan kategori sa a ta dwe chèche konsèy legal imedyat, tankou atravè Liy Dirèk MOIA pou Sipò Legal nan Zafè Imigrasyon nan 1-800-354-0365.

Fè Atansyon ak Fwod nan Sèvis Legal Imigrasyon

Fè atansyon ak move enfòmasyon ak rimè, paske aktivite fwod ka ogmante pandan peryòd kote gen ensètitud sou kesyon legal yo. Pandan peryòd sa yo, notè piblik ak lòt founisè sèvis legal konn bay move konsèy oswa twonpe moun k ap chèche èd.

Kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou, ou gen dwa. Si ou wè yon magouy, vizite nyc.gov/consumers oswa rele 311 pou depoze yon plent avèk Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection). Sèvis entèpretasyon disponib.

Konnen Siy Avètisman yo

Konsidere siy avètisman sa yo, ki souvan montre ou ka ap fè fas ak yon magouy nan sèvis imigrasyon. Lè moun ou rankontre a:

- ▶ Bay konsèy legal men li pa yon avoka
- ▶ Refize rankontre avèk ou an pèsòn
- ▶ Aksepte sèlman peman atravè PayPal, Venmo oswa Cash App
- ▶ Fè w peye pou fòm gouvènman ki gratis;
- ▶ Refize siyen yon kontra;
- ▶ Pwomèt rezilta rapid;
- ▶ Di w pou siyen fòm ki vid

Nan moman sa a, pa sispann itilize benefis piblik oswa sèvis Vil la ou bezwen san ou pa pale dabò ak yon founisè sèvis legal ou ka fè konfyans. Pou plis enfòmasyon, tanpri rele Liy Dirèk MOIA pou Sipò Legal nan Zafè Imigrasyon, ki gratis epi konfidansyèl, nan 1-800-354-0365. Sèvis entèpretasyon disponib.